



Pou Piblikasyon Imedya: 09/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YON DEVLOPMAN
POU REVNI MIKS KI GEN 698 INITE K AP KOUTE 416 MILYON DOLA NAN NÒ
MANHATTAN**

*Devlopman rezidansyèl Inwood pou itilizasyon miks, ki trè efikas an enèji a pral
ogmante apwovizyonman lojman, avanse objektif rediksyon kabòn Eta a*

Inwood pral ofri entènèt wo debi gratis pou ede fèmèn divizyon dijital la

Gade reprezantasyon grafik devlopman yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a devlopman de bilding rezidansyèl ki konekte ansanm, pou moun ki gen revni miks, ak pou itilizasyon miks ki gen prèske 700 apatman, ki gen ladan 281 inite abòdab, nan katye Inwood la nan Nò Manhattan. Devlopman Inwood ki 416 milyon dola pral genyen karakteristik pou chofaj ak refwadisman ki konplètman elektrik ak lòt karakteristik dirab k ap avanse objektif klimatik Eta a epi ki ofri entènèt wi debi gratis pou rezidan yo.

"Administrasyon mwen an ap goumen pou asire chak Nouyòkè gen opòtinite pou yo viv nan yon kay ki an sekirite, ki sekirize, ak dirab nan yon kominote k ap pwospere tankou Inwood", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Devlopman sa a yo pral non sèlman kreye nouvo kay, men tou li pral bay sèvis esansyèl ak ekipman ki ogmante kalite lavi ak ranfòse ekonomi an pou tout kominote a."

Devlopman yo anonse jodi a fè pati Plan Lojman Global 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elèktrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Ansanm, bilding yo nan 405 ak 407 West 206th Street pral gen yon melanj estidyo ak apatmanyon ki gen youn, de, ak twa chanm. Yo rezève karant pousan nan apatman yo pou rezidan ki touche 80 pousan nan Revni Medyan Zòn lan (Area Median Income) oswa mwens: Yon lòt dis pousan nan apatman yo pral gen restriksyon sou pri lwaye jiska 30 pousan nan 120 pousan AMI an epi yo pral sijè a Gid Estabilizasyon Lwaye (Rent Stabilization Guidelines) NYC a. Inite ki rete yo pral apatman ki nan to mache a.

Pwojè a ap pouswiv yon sètifika Ajan LEED BD+C epi li satisfè nouvo estanda dirabilite Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York te etabli an 2022 ki ankouraje anviwonman vivab ki pi an sante ak bilding ki trè efikas epi ki sipòte objektif ki etabli nan Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta New York la. Anplis avanse objektif klima Eta a, 405 ak 407 West 206th Street pral ofri entènèt wo debi gratis, sou baz inisyativ [ConnectALL](#) Gouvènè a, ki te fè envèstisman istorik pou bay entènèt gwo vitès nan kominote ki pa gen ase sèvis yo epi fèmen divizyon dijital la pou Nouyòkè ki gen mwens revni yo.

Ekipman pataje pou tout rezidan yo pral gen ladan lakou an peyizaj, yon sal ki frekante, plizyè platfòm twati, yon sant kondisyonman fizik, espas travay an komen, espas salon ak chanm repetisyon mizikal. Konplèks la pral loje yon makèt nan kad pwogram Ekstansyon Vant an Detay pou Sipòte Pwogram Sante (Food Retail Expansion to Support Health, FRESH) vil New York, espas pou vann an detay nan katye a, pakin, ak yon sant atistik pou pèfòmans ki santre sou imigran ki pral posede epi opere pa People's Theatre Project.

Finansman pou pòsyon abòdab nouvo devlopman an gen ladan prèske 70 milyon dola nan Kredi Enpo Federal ak Eta sou Lojman pou moun ki gen Revni Fèb ak prèske \$82 milyon dola nan obligasyon ki gen egzansyon fiskal ak prèske 182 milyon dola nan obligasyon ki taksab ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a. Anplis de sa, aplikan pwojè a ap aplike pou yon estimasyon 39.5 milyon dola nan kredi taks apre travay ki te fini pou envestige ak netwaye kontaminasyon nan kad sipèvizyon Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la nan kad [Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl](#) (Brownfield Cleanup Program, BCP) ki pote siksè a.

Bon yo te achte pa Wells Fargo Minisipal Capital Strategies ak Wells Fargo Bank. Fannie Mae pral bay amelyorasyon kredi nan konvèsyon an. Gwoup Envestisman Iben (Urban Investment Group) nan Goldman Sachs Asset Management te achte Kredi Enpo pou Lojman pou moun ki gen Revni ki Fèb. Sous adisyonèl yo enkli prèske 87 milyon dola fon pwòp soti nan antrepriz konjwen an ak Gwoup Envestisman Iben an.

Devlopman an se yon antrepriz konjwen ant filyal LMXD nan L+M Development Partners, MSquared ak Taconic Partners. Community League of the Heights (CLOTH) se esponsò kominote a. Bilding yo te fèt pa Beyer Blinder Belle Architects

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "HCR fyè pou l ede ogmante rezèv bon jan kalite lojman dirab nan katye sa a ki divèsifye ak kiltirèlman rich, pandan l ap pwomouvwa opòtinite ekonomik epi kenbe Inwood yon kote ki abòdab, ki atiran. Avèk prèske 700 apatman, ki gen ladan 281 ki abòdab pou yon varyete nivo revni, resous kominotè ak komodite yo ak aksè fasil ak tout sa vil la gen pou ofri, Inwood pral yon gwo benefis pou kominote a epi sèvi katye sa a pou anpil jenerasyon. Li trè rekonesan pou m travay ak patnè devwe

tankou LMXD, MSquared, Taconic, ak CLOTH epi mwen pa ka tann pou mwen wè pwojè sa a vin yon reyalyte."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl New York la rete yon zouti pwisan pou transfòme ansyen pwopriyete endistriyèl yo pou sipòte efò revitalizasyon lokal yo, elimine polisyon anviwònmanal, ak amelyore kalite lavi pou Nouyòkè yo, espesyalman moun ki nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo. Pwojè redevlopman Inwood la prezante dènye teknoloji enèji dirab pou redwi emisyon kabòn, sa ki enpòtan pou atenn objektif Plan Klimatik New York la. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul ak an patenarya ak lòt ajans eta yo, DEC fyè pou l sipòte konstriksyon lojman abòdab epi li rete angaje l pou l asire pwogram nan kontinye reyisi nan kominote yo atravè eta a."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Lojman abòdab vin de pli zan pli difisil pou jwenn epi devlopman sa a pral bay aksè ak opsyon lojman ke chak Nouyòkè merite. Mwen fyè pou m sipòte angajman Gouvènè Hochul pran pou devlope ak prezève opsyon lojman abòdab ki nesèsè pou tout Nouyòkè yo."

Prezidan Minisipalite Manhattan Ian, Mark Levine, te deklare, "Pwojè sa a reponn ak bezwen prensipal Manhattan yo: plis lojman, plis lojman abòdab, ak plis lojman dirab. Lè nou adrese de nan kriz ki pi ijan nan minisipalite nou an - lojman ak dirabilite - devlopman sa a ap bati yon pi bon avni pou Inwood ak Manhattan."

Katherine Kelman, Direktris Jeneral, LMXD te deklare, "Inogirasyon jodi a vle di angajman nou pou bay bèl kay ak kominote pou moun ki gen revni miks ki dirab pou anviwònman an. Nou kontan anpil pou n kolabore ak Eta a sou yon devlopman pou revni miks ki konplete pwogram Lojman Enklizyon Obligatwa (Mandatory Inclusionary Housing) a epi ki bay rezidan Inwood yo kay abòdab nan yon varyete nivo revni. Lojman sa a, ansanm ak espas pou vann an detay ak pou pèfòmans atistik nan katye devlopman sa a pral bay ak reflekte angajman LMXD pou sipòte pwojè ki amelyore kalite lavi nan kominote yo. Nou rekonesan pou angajman Gouvènè Hochul pran anvè kreyasyon plis kay pou Nouyòkè yo epi nou remèsye tout patnè nou yo paske yo te rann pwojè sa posib."

Alicia Glen, Fondatè ak Direktè Jereral, MSquared te deklare, "Inwood an amoni ak apwòch nou an pou konstwi devlopman enklizif ki bay lojman ak resous kominotè ki nesèsè anpil yo pandan y ap priyore bezwen katye a. Chanjman transfòmatif kòmanse ak envesti nan kominote lokal nou yo epi pwojè sa a se yon egzanp pafè sou fason sektè prive ak piblik la ka reyini ansanm pou kreye plis kay ki abòdab, ki dirab epi ki ofri tout rezidan yo menm opòtinite. Nou fyè dèske nou se yon patnè nan pwojè sa a ansanm ak LMXD ak Taconic epi nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou fas sa a."

George Tsapelas, Vis Prezidan Prensipal, Taconic Partners te deklare, "Devlopman pou itilizasyon miks ki efikas an enèji tankou 405-407 206th Street yo

enpòtan anpil pou abòde bezwen lojman vil nou an epi ede asire ke kominote nou yo bati pou yo pwospere. Avèk adisyon prèske 700 kay, resous kominotè vital ak ekipman kiltirèl, yo tout bati ak yon je nan direksyon konsepsyon dirab, rezidan yo pral gen yon bon kalite kote ki aksesib pou yo rele lakay yo. Mèsi ak patnè nou yo ak Gouvènè Hochul paske yo sipòte pwojè ki gen enpak sa a."

Sherry Wang, Direktè Jeneral ak Ko-responsab nan Gwoup Envestisman Iben nan Goldman Sachs Asset Management, te deklare, "Depi 2001, Gwoup Envestisman Iben an te envesti plis pase 17 milya dola nan devlopman ekonomik global. Nou rekonesan pou nou travay ak kominote sa a pou kreye nouvo kay ki abòdab, ki dirab pou anviwònman an, epi ki ofri sèvis rezidan enpòtan yo. Rechèch yo sijere fanmi ki gen revni fèb yo pral afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pa emisyon gaz ki lakòz efè epi nou fyè dèske nou fè pati solisyon an."

Yvonne Stennett, Direktris Egzekitif Community League of the Heights (CLOTH), te deklare, "Nou fyè dèske nou patisipe nan pwojè 405-407 West 206th Street la, ki pral founi 281 kay abòdab. Anplis pwodiksyon lojman abòdab la, nou bay koneksyon ak kominote a pou anbochaj lokal nan pwojè a epi nou pa ka tann pou nou pibliye ak bay edikasyon sou pwosesis lotri abòdab la. N ap kontinye travay sere ak ekip pwojè LMXD, Taconic ak MSquared pandan y ap avanse ak pwojè sa a ak lòt òganizasyon kominotè yo pou asire ke li sèvi bezwen kominote Inwood la. Konpliman sensè nou tou pou People's Theatre ak kreyasyon Performing Arts Center a."

Direktè Jeneral Page Travelstead la nan Wells Fargo, te deklare, "Pwojè Inwood la enkòpore vizyon revitalizasyon Nò Manhattan- yon kote ki gen kay abòdab, swen sante, komès an detay ki oryante anve kominote a, ak espas pou travay ak lwazi. Kounye a plis pase avan, objektif nou se priyoreze envestisman ki elaji opòtinite lojman ak pwojè ki ede bati yon vil pi bon, ki pi dirab pou tout Nouyòkè yo. Ak anpil patnè kle, Wells Fargo fyè dèske li te finanse kreyasyon de bilding sa yo, ki gen ladan l 698 inite lojman abòdab pou revni miks nan to mache a, ki pral ede bay yon koneksyon enpòtan ak opòtinite ekonomik ak kiltirèl ki pral fòme kominote vibran pou itilizasyon miks sa a nan Inwood. Nou menm nan Wells Fargo ta renmen felisite LMXD, Taconic Development ak M2 pou reyalizasyon enpòtan sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)